

**B**onDye di nou kijan pou nou etidye Pawòl verite-a pou nou ka resevwa “lwanj” olye ke nou tounen yon “travayè ki fè wont”. Li mande pou nou “fè konnen pawòl verite BonDye a jan-l ye a”.

Apot Pòl ekri nan 2 Tim 2:15, “Fè jefò pou ou ka resevwa lwanj nan men BonDye tankou yon travayè ki pa wont travay li fè, yon travayè ki fè konnen pawòl verite BonDye a jan-l ye a.”

Nan etid sa nou va gade vèsè sa ak wè koman obeyisans nou pou Pawòl la kap pote onè ak glwa pou BonDye.

Nan 2 Tim 2:15 apot Pòl di kwayan yo:

Kisa ki pou fèt - etidye pawòl la

Poukisa nou dwe fè-l - pou nou ka resevwa lwanj nan men BonDye (yon travayè ki pa wont travay li)

Kijan nou dwe fè-l - fè konnen pawòl verite BonDye a jan-l ye a.

Pòl di nou pou nou “fe konnen Pawòl verite a jan-l ye-a”.

Nou va wè ke lè nou obeyi komandman BonDye, “fè konnen pawòl verite BonDye a jan-l ye a,” pa retire anyen nan Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri BonDye a yo soti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki

nan lerè, pou korije moun k'ap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan BonDye.” 2 Tim 3:16

Se lè na fè “konnen Pawol verite BonDye-a jan -l ye-a”, se lè sa, “Tou sa ki ekri nan Liv la ap sèvi” pou 2 bagay, 1) Pawol BonDye ap profitab pou travay nou, 2) volonte BonDye ap akonpli. Bay Pawol BonDye jan -l ye ya, vle di ke nou pap ajoute anyen ladan'l.

An nou komanse ak etid la, nap gade Adam nan Jaden Eden.

### **Relasyon BonDye ak Adam andedan kon deyò jaden-an**

BonDye komanse travay ak lòm nan jaden Eden. Se nan jaden sa, “Seyè a, BonDye a, bay nonm lan lòd sa a” (Gen 2:16). BonDye fè Adam konnen volonte-l ak komandman Li yo. BonDye di Adam kare bare tout sa li dwe fè ak tout sa li pa dwe fè.

BonDye mete Adam nan jaden-an ak lòd, “pou l' travay li, pou l' pran swen l'”. (Gen 2:15). Adam te gen pou devwa, travay ak pran swen bèl jaden sa. Li te reskonsab tou pou bay bèt yo non, (Gen 2:19). Apwe sa, BonDye te bay Adam Ev pou madanm, “Nonm lan ak madanm li te toutouni. Men, yo pa't wont rete konsa”. Gen 2:25

Minm lè BonDye te bay Adam gro libète ak reskonsabilite nan jaden an, li te ba-l yon pinga. Gen2:16-17, “Seyè a, BonDye a, bay nonm lan lòd sa a. Ou mèt manje donn tout pyebwa ki nan jaden an. Men, piga ou manje donn pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. Paske, jou ou manje l', w'ap mouri.”

BonDye pase Adam lòd sa pou obeyisans la fwa li. BonDye te chwazi dirije lòm nan jaden-an, lè li te pase Adam lòd ki mache ak kondisyon lòm. Adam te nan inosans nan jaden-an.

## **Jerans Adam**

Dwa dirije Adam te genyen ta ka rele jerans ou byen dispansasyon. Kòmandman BonDye te bay lòm nan, etabli sa nou rele premye jerans. Adam, kom premye jeran, te la pou jere jaden Eden kòm moun ki reskonsab pou obeyi kòmandman BonDye yo.

Jerans se règ ou byen instriksyon ke jeran an dwe swiv. Yon jeran reskonsab pou-l swiv ak fè travay yo bay li fè-a.

Adam te reskonsab pou rete nan jaden an, travay li, pran swen-l, bay zanimo (bèt) yo non ak pa wont rete san rad. Adam ak Ev pat dwe dezobeyi BonDye pou yo tal manje pye bwa konesans byen ak mal la.

## **Satan prezante pwogram mensonj li a bay lòm**

Bagay yo tap mache byen nan plan mèvèye BonDye pou kreyasyon Li-an jiskaske Satan te vini kote Ev sou fòm yon sepan. Satan te sèvi Pawol BonDye, apwe sa li chanje Pawol BonDye a li mete pawol pa-l nan Pawol BonDye a. Chanje pawol BonDye lè-w mete ak retire ladan, se men bagay ak defòm Pawol BonDye.

Satan sèvi ak Pawol BonDye pou fè Ev doute nan Gen 3:1 “...Eske BonDye te janm di piga nou manje donn tout pyebwa ki nan jaden an”?

Ev chanje Pawol BonDye nan Gen 3:3, “Men, kanta pou pyebwa ki nan mitan jaden an, BonDye di. Piga nou manje ladan l', piga nou manyen l' menm. Sinon, n'ap mouri.” Ev ajoute piga nou touche'l, se pat instriksyon sa BonDye te bay Adam.

Satan kontredi Pawol BonDye lè li ajoute ladan'l. Gen 3:4 “...Lè sa a, sèpan an di fanm lan. Se pa vre. Nou pap mouri kras.” BonDye di nan Gen 2:17, “jou ou manje'l, w'ap mouri.” Satan ajoute mo “pap” li bay Ev manti, li tòde verite BonDye a.

Antre peche antre nan le mond, tout bagay vin chanje pou Adam ak Ev jan BonDye te pwomèt yo sa ta va rive-a. Adam ak Ev te san peche

konnye-a, yo tounen pechè. Kondisyon lòm vin chanje, sa vin ekzije yon chanjman nan relasyon BonDye ak Adam. Rezilta kondisyon lòm vin chanje, BonDye bay Adam lòt komandman pou-l swiv. Nou wè BonDye konnye-a ki chanje metòd jerans li pou fè mesye dam yo reskonsab yon lòt fòm jerans ki diferan. Konnye-a, yo gen obligasyon swiv lòt komandman nouvo.

### **Adam resevwa yon nouvo Jerans**

BonDye te mete yo deyò nan jaden an, Gen 3:23, 24 “Se konsa, Seyè a, BonDye a, mete Adan deyò nan jaden Eden lan. Li voye-l al travay tè, menm tè BonDye te pran pou fè-l la. Se konsa, li te mete Adam deyò. Sou bò kote solèy leve nan jaden an, li mete kèk zanj cheriben ak yon manchèt klere kou dife nan men yo. Yo t’ap dragonnen nan tout direksyon pou anpeche moun pwoche bò pyebwa ki bay lavi a”.

Toutouni yo a vin bezwen kouvri konnye-a. Gen 3:21, “Lè sa a, Seyè a, BonDye a, pran po bèt, li fè rad pou Adam ansanm ak madanm li, li biye yo”. Yo pa wont rete san rad anko.

Nan premye jerans yo, yo te gen pwomès lavi sèlman. Nan inosans yo, Adam ak Ev pa tap konnen egzistans lanmò pandan yo te nan jaden an. Yo pral konnen lanmò konnye-a akòz jijman BonDye pou peche yo ak akomplisman

pwomès ki te fèt nan Gen 2:17, "...Paske, jou ou manje l', w'ap mouri".

Lanmò BonDye pwomèt la, se te yon lanmò espirityel ak yon lanmò fizik. Desobeyisans yo fè jijman BonDye tonbe sou yo. Konnye-a yo te mouri espirityelman pou BonDye. Konsa tou, kò fizik yo pral konnen lanmò konnye-a. BonDye te akompli pwomès Li, y'ap "mouri tout bon vre".

## **Definisyon Jerans- Dispansasyon**

Nou wè nan ekzanmp sa, BonDye fè premye nonm nan tounen yon kle pou fè nou konprann Lèzekriti. Adam, yon nonm ki viv anba de jerans ou byen dispansasyon diferan. Jerans ou byen dispansasyon gen menm siyifikasyon ak mo sa yo:

jerans kay  
Ekonomi  
Siveyans  
prepare  
Jere  
Administrasyon

Nan premye jerans ou byen dispansasyon an, BonDye te bay Adam anseyman espesyal. Lè kondisyon Adam te vin chanje akòz rezilta peche, BonDye te vin chanje fason li tap jere lòm. Li bay lòm nouvo regleman, kote lòm vin konnye-a reskonsab. Nouvo regleman BonDye

yo ranplase yo. Jerans (dispansasyon) ansyen an pase mòd lè lòm resevwa nouvo komandman yo. Lòm konnye-a pa-t gen pou obeyi ansyen regleman yo, men obeyi lòd nouvo yo.

## **Premye lesou nou bezwen aprann de ekzanp sa, BonDye chanje program li ak lòm!**

Se klè ke Adam te viv sou de jerans ou byen dispansasyon ki te diferan ak espesyal.

Paske BonDye chanje program Li ak Adam pa vle di ke BonDye li menm Li chanje.

## **BonDye pa chanje, “Mwen pap chanje.”**

Pawòl BonDye klè, BonDye pa chanje. Mal 3:6, “Mwen se Seyè a, mwen p'ap chanje.” Sa nou aprann la, fè nou konnen ke nati ak karaktè BonDye pa chanje. Nou mèt gen konfians ak espwa nan Seyè-a paske nati ak karaktè li pap chanje. BonDye pap janm chanje nan fidelite'L, amou'L, limyè-L, verite-L, sintete-L, jistis li, etènite-L, omnisyans li, ak omnipotans li. Genyen yon BonDye ki “pa chanje” se yon verite mèvèye ki pote repo ak rekonfò. Fason nou konprann verite sa - a pa dwe lage nou nan konfizyon lè nou pran BonDye ki pa chanje, men ki chanje relasyon Li ak lòm.

Nou li nan Heb 13:8, “Jezikri se menm moun lan ayè, jòdi a ak pou tout tan”.. Vèsè sa anseye nou ke nati ak karaktè Jezi Kri pa chanje, ni pa kapab chanje, jan nou li nan Mal 3:6. Men sa pa vle di ke Sèyè nou an pa chanje komandman Li yo, anseyman Li yo, ou byen dispansasyon li yo bay lòm.

BonDye te bay Adam 2 dispansasyon diferan. Depi lè sa-a, Li bay anpil lòt dispansasyon ankò. Sa ki pi kouran Jodi-a se “dispansasyon gras Bon Dye a” ke lapot Pòl pataje ak nou. Gen yon lòt dispansasyon ki va pran plas lè legliz li a va anlve (monte) nan syèl.

Anpil fwa, predikatè yo anseye bagay ki kontrè ak sa Bib la di sou BonDye nou an ki pa chanje. Yo sèvi Heb 13:8 pou anseye ke Jezi rete menm nan relasyon li ak lòm, e BonDye li menm nan relasyon li ak lòm pa chanje. Egzanmp yon anseyman konsa ta sanble: “paske Sèyè Jezi te geri malad an Izrayel pandan ministè li sou tè sa-a, Li toujou ap geri jodi-a. Sèl sa nou ta bezwen fè, se mande gerizon pa nou”. Men, Heb 13:8 pa pale sou Sèyè nou an ki chanje jerans li ak lòm, men li pale sou nati Li ki pa chanje.

Relasyon BonDye ak lezòm chanje, lap change ankò. Nou menm, tankou Adam, bezwen konnen sa chanjman yo ye, ak lè yo te rive fèt.



Nou dwe konnen ki sa jerans nou ye pou nou ka vin jeran fidèl.

1 Cor 4:2, “Yon sèl bagay yo mande yon jeran, se pou l' yon moun serye”.

### **Adam fè konnen pawol verite-a jan-l ye-a**

Adam “te fè konnen pawol verite-a, jan-l ye-a”. Adam te konnen pou-l obeyi pa la fwa dezyèm dispansasyon BonDye a. Adam te realize ke premye anseyman yo te Pawol BonDye. Men yo pa tap bezwen obeyi yo la menm. Obeyi premye regleman yo tap vin tounen peche konnye-a. Adam te konprann ke sa ta pral vin yon dezobeyisans pou-l ta eseye tounen nan jaden an, obeyi komandman BonDye te ba li yo avan li te tonbe nan peche.

Adam te konnen ke dispansasyon BonDye te bay li a, lè li te nan jaden an, se te pawol BonDye, men li pa tap bezwen obeyi- l. Apre-l fin peche, dezyem jerans la toujou rete pawol BonDye ak reskonsabilite pou Adam obeyi. Se Pawol BonDye, Adam dwe fè atansyon.

Nou wè Adam fè apwòch Pawol BonDye-a menm jan apot Pòl anseye nou pou nou fè apwòch la nan 2 Tim 2:15, “Fè jefò pou ou ka resevwa lwanj nan men BonDye tankou yon travayè ki pa wont travay li fè, yon travayè ki fè konnen pawòl verite BonDye a jan l' ye a.”

## **Pol di nou, “fè konnen Pawòl verite BonDye-a jan I ye a”**

Pol di kwayan yo pou “yo fè konnen Pawòl verite-a jan I ye a.” Lè Adam te retire moso nan Pawòl BonDye-a pou obeyi dezyèm dispansasyon a, se premye a ki peye sa. Adam, retire moso nan Pawòl verite-a. Li te konnen ke premye dispansasyon se te menm Pawòl BonDye tankou dezyèm nan, men konnye-a, dezyèm nan vin ranplase premye-a. Adam te konnen pou-l aprann tout pawol yo (ekriti yo), men li pa tap ka obeyi yo.

Pòl di nou nan 2 Tim 3:16, 17 “Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri BonDye a yo soti”. Pòl di, “yap sevi.” Pawòl verite BonDye-a bezwen bay “jan-I ye a” tankou nou wè Adam te fè pou Pawòl la te ka pwofitab. Si yo pa bay Pawòl la jan-I ye a, li pap pwofitab. Nou dwe konnen ke pawol BonDye-a la pou nou aprann, ak obeyi. Adam te respekte chak mo nan Pawòl BonDye-a men li te konnen kote li te kampe ak BonDye nan obeyisans ak la fwa nan denye dispansasyon an.

Lè yon kwayan konnen pou-l etidye Pawòl BonDye nan jan dispansasyon yo klase, lè sa, li obeyi anseymam Pawòl la ki se, “**bay Pawòl verite BonDye-a jan I ye a**”. Nou pa onore ou byen bay Pawòl verite BonDye-a jan-I ye-a, lè nou fouye toupatou nan Bib la, pou nou chache

jerans pa nou pi plis pase sa Adam te fè. Nou li, ak etidye Bib la nan konesans ke tout sa ki ladan se pou nou. Lòt moun li pale sou yo a, se pa nou, men gen leson pou aprann pou pwop la vi nou.

Gen kèk verite ak prensip nan Pawòl BonDye-a ki pa janm chanje soti nan yon dispansasyon pou rive nan lòt dispansasyon. Pa egzamp, BonDye pa chanje. Genyen lòt verite ki ka selman aplike ak obeyi nan tan dispansasyon sa te la. Se chanjman dispansasyon sa yo ki ede nou konprann konnye-a fason BonDye “aksepte” lòm nan yon dispansasyon espesyal.

Soti lè Adam te nan Jaden Eden an pou rive nan tan konye-a, BonDye bay plizyè dispansasyon pou lòm obeyi nan la fwa. Nou wè de (2) dispansasyon pase fap fap nan tan premye nonm nan (Adam) tap viv la.

Reskonsabilite lòm ak BonDye chanje ak dispansasyon. Nan Jaden an, Adam pa te gen lwa Moyiz yo ak batèm dlo, ni dim, ni jou sen, ni tanp pou te adore, ni bèt pou te ofri an sakrifis, yo pa te tandè levanjil sove pa gras pa mwayen la fwa ke Pòl tap anonse-a, etc. Sa pa te nan ni premye ak dezyem dispansasyon Adam-an.

Lè yon etidyan Bib la ap etidye nenpòt sijè nan Bib la, pawòl verite-a dwe gide etid sa ak verite BonDye a pou li menm ak pwop dispansasyon li ladan-l an. Pou nou menm, viv

nan period gras la, dwe mete nou dakò ak sa Pòl ekri yo. Gen anpil kote nan Bib la ki pale sou lapriyè, batèm dlo, padon, zanj etc., tout sa ki te ekri, yo ekri pou sèvi ekzanp ak leson pou nou Jodi-a – I Cor 10:11.

## **“Lèzekriti” ak “Dispansasyon”**

Yon moun kapab li “lèzekriti” san-l pa konprann “dispansasyon”.

Nou bezwen fè atansyon lè nap fè konnen pawol verite-a tankou Adam te fè. Yon moun ka fè konnen Pawol verite BonDye -a jan-l ye a, konsa tou, li ka bay Pawol verite a devan dèyè. Apot Pyè pale sou sa nan 2 Pe 3:16, “...Se konsa, moun ignoran yo ak moun ki fèb nan konfyans BonDye yo ap tòde sans pawòl yo, tankou yo fè l' pou lòt liv yo tou. Men, se sa menm k'ap fin pèdi yo.”

Pyè idantifye moun kap tòde pawol la kòm moun “ignorant” ak “moun fèb”. Ignoran yo pa konnen “pawol verite” –a jan l ye a, konsa yo vin fèb. Lè-w tòde sans lèzekriti, li pote destriksyon. Se pa kondanasyon, men etid Bib la ak yon vi kretyen ki pa profitab pou travay Seyè-a, pap profitab pou lavi kwayan tou.

Pyè te fè referans a sen (kwayan) yo sou sa yo te fè ak lèt Pòl te ekri yo lè li tap pale sou tòde sans Pawol la.

2 Pe 3:15, 16 “...Se sa menm frè Pòl, bon zanmi nou an, te ekri.”

Yon moun ki li Bib la epi ki rejte dispansasyon sa ka lakòz moun sa tòde Pawol verite-a. Tòde sans Pawol BonDye se fè-l di sa ou vle di nan plas sa pawol la vle di tout bon. Konnen pawol verite-a jan li ye-a, se repons Pawol BonDye pou moun kap tòde verite-a.

### **Dispansasyon pa nou an, “se dispansasyon gras BonDye”**

Apot Pol di nou ke Kris ki te leve soti vivan nan lanmò-a, te bay li yon dispansasyon ou byen yon jerans nan plas ou ak mwen.

Eph 3;2,3 “BonDye devwale m' sekrè travay li a, pou m' te ka konnen plan li te gen sere nan kè li. Se sou plan sa a mwen deja ekri nou kèk mo pi wo a.”

Ac 20:24, “Mwen pa pran lavi-m pou anyen, li pa gen okenn valè pou mwen. Men, mwen vle ale jouk nan bout nan sèvis mwen, mwen vle fini nèt ak travay Seyè Jezi ban mwen an, pou'm anonse bon nouvèl favè BonDye fè nou an.”

Dispansasyon Seyè-a te bay Pol la rele “dispansasyon gras Bon Dye”. BonDye te komanse dispansasyon sa lè Sòl te konvèti sou rout Damas la nan Travay Apot yo chapit 9.

BonDye kenbe dispansasyon sa jouk rive Jodi-a. Ou menm ak mwen, nap viv nan dispansasyon gras BonDye-a. Se klè ke nou pa te viv nan premye ak dezyèm dispansasyon BonDye te bay Adam an. Ni nou pap viv nan dispansasyon la lwa.

Pol fè konnen ke BonDye pat bay okenn moun dispansasyon gras la, pat gen moun ki te preche sou li jiskaske Kris te revele-l sa.

Eph 3:2 "...te ban m' travay sa a pou'm te fè pou nou."

Pol identifye tèt li ak levanjil BonDye ba li a tankou mesaj Bon Dye te bay Moyiz pou pèp Israyel la. Pol di, "levanjil mwen an", levanjil mwen resevewa-a, etc.

Rom 2:16, "Dapre bon nouvèl m'ap anonse a, se sa menm ki gen pou rive lè BonDye va voye Jezi kri pou jije tou sa lèzòm t'ap fè an kachèt."

Rom 16:25, "Ann fè lwanj BonDye! Se li ki gen pouvwa pou fè nou kenbe fèm nan konfyans lan dapre bon nouvèl m'ap anonse a..."

2 Tim 2:8, "Toujou chonje pitit pitit David la, Jezi Kri, ki te leve soti vivan nan lanmò, jan sa di nan **bon nouvèl la.**"

Pol di ke dispansasyon gras la te kache nan BonDye ak rete yon mistè ou byen sekrè jouk lè

Kris te fè-m konnen sa e se mwen sel li fè konnen sa.

Eph 3:5 “Nan tan lontan BonDye pa t' devwale plan travay sa a bay ankenn moun sou latè...”

Col 1:25-26 “Wi, m'ap sèvi legliz la koulye a dapre travay BonDye ban m' fè pou nou an: travay sa a se pou m' anonse tout bagay ki nan mesaj li a, pou m' fè tout moun konnen sekre li te kenbe kache depi tout tan kifè pesonn pa t' konnen l'. Men koulye a, li devwale'l bay tout moun ki pou li.”

Rom 16:25, “Ann fè lwanj BonDye! Se li ki gen pouvwa pou fè nou kenbe fèm nan konfyans lan dapre bon nouvèl m'ap anonse a, dapre mesaj m'ap preche sou Jezikri a, dapre konesans BonDye ban nou kifè nou wè plan travay li. Se li menm ki gen pouvwa pou fè nou kenbe fèm nan konfyans sa a. Plan travay sa a te kache pandan lontan lontan.”

Nou wè plizyè dispansasyon nan Pawol BonDye kote Bondye chanje relasyon li ak lòm, nou wè prinsipalman 2 premye divizyon nan Pawol la kote nou rekonèt si nou se travayè kap resevwa lwanj oubyen kap gen pou wont travay nou fè. De premye division nan Bib la, se pa Ansyen Kontra ak Nouvo Kontra-a, men se “pwofesi” ak “mistè”.

## **Pwofesi ak Mistè**

**Pwofesi** se sa Bon Dye, "...fè nou konnen'l lan nan bouch pwofèt li yo depi nan tan lontan." (Ac 3:21). Pwofesi konsène la tè ak rèy Kris sou li, ak pèp BonDye sou tè-a, Izrayel.

**Mistè**, Rom 16:25... "Plan travay sa a te kache pandan lontan lontan." Mo sa gen pou wè ak Legliz, kò Kris la.

Mistè konsène syèl la ak pozisyon nou anro-a ak Kris.

Pwofesi- te pwofetize, te pale

Mistè te rete sekre san pwofetize. Nan Gen 1:1 nou li de 2 bagay BonDye te interese ladan, "nan komansman BonDye kreye **syèl** ak tè-a."

BonDye gen de group moun espesyal li sevi ak yo pou realize plan li nan 2 bagay sa yo. Premye gwoup la, se Izrayel, Li te pale sou pwogram yo a depi lè monn sa te komanse. Dezyèm gwoup la, se legliz, kò Kris la - verite ki gen rapò ak pwogram mistè gras la pou legliz ki te rete yon sekre depi lè monn sa te egziste

## **Ministè Kris anro tè-a, Pwofesi pa Mistè**

Izrayel te viv anba yon pwogram pwofesi, ki te gen ladan Moyiz ak la Iwa. Seyè nou an, nan ministè Li sou tè – a vizavi Izrayel te vini kòm yon jwif ki soumèt li anba la Iwa Moyiz. Me sa



nou li sou Seyè Jezi Kri nou an, Gal 4:4, “Men, lè lè a rive, BonDye te voye pwòp pitit li. Li soti nan vant yon fanm, li viv anba lalwa jwif yo.”

Jezi Kri te obeyi la lwa, li te vini pou li te ka akompli-l jan ‘nou wè nan Mat 5:17. “Pa mete nan tèt nou mwen vin aboli lalwa Moyiz la ak sa pwofèt yo te moutre nou. Mwen pa vin pou aboli yo, mwen vin moutre sa yo vle di tout bon.”

Jezi Kri an chè vini pou akompli la lwa ak pwofèt yo. Li pat vini pou akompli Pawol BonDye ak mistè. BonDye te bay Pol travay espesyal sa pou-l fè. Col 1:25-26, “Wi, m'ap sèvi legliz la koulye a dapre travay BonDye ban m' fè pou nou an: travay sa a se pou m' anonse tout bagay ki nan mesaj li a, pou m' fè tout moun konnen sekre li te kenbe kache depi tout tan kifè pesonn pa t' konnen l'. Men koulye a, li devwale l' bay tout moun ki pou li.”

Nan liv Matye, Mak, Lik ak Jan nou trouve Kris anseye disip li yo pou obeyi la lwa, Mat 23:2-3, “Dirèktè lalwa yo ak farizyen yo la pou esplike Lalwa Moyiz la. Se pou nou koute yo, se pou nou fè tou sa yo di nou fè. Men, pa fè tankou yo. Paske yo menm, yo pa fè sa yo di nou fè.”

Mat 28:20, “Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.”

Verite sa soti dabò nan dispansasyon la Iwa, men li pa pou nou obeyi nan dispansasyon gras la. Seyè nou an te anseye pèp Izrayel la pou obeyi Iwa Moyiz la de fwa nan ministè Li sou tè-a ak ministè rezireksyon Li pou pèp Izrayel jan nou te wè sa nan Mat 28:20.

Nou bezwen poze tèt nou kesyon sa, “Sa sa vle di bay Pawol Verite-a jan-l ye-a?”

Pol di nan Rom 6:14, “...nou pa anba pouvwa lalwa Moyiz la ankò, se anba favè (gras) BonDye a nou ye.”

Gal 5:18, “Men, si se Lespri BonDye a k'ap dirije lavi nou, nou pa anba lalwa ankò.”

Lè Sentspri kondwi yon kwayan nan dispansasyon gras la, Li pa kondwi-l pou swiv la Iwa! Ekriti yo ak dispansasyon mache ansanm, nou bezwen fè diferans pou nou pa piye yon sèl bò, menm ak pawol Seyè nou an nan ministè li sou tè-sa vizavi pèp Izrayel.

Pwofesi bon pou nou aprann, men se pa pou nou obeyi. Dispansasyon pa nou se **mistè**, men se pa **pwofesi**. Lè nou li levanjil yo: Matye, Mak, Lik ak Jan, yo fe pati liv Nouvo Kontra yo se vre, men yo plis pale sou pwogram pwofesi pèp Izrayel. Nan liv sa yo, nou jwenn moun ki te fè sa la Iwa mande, se moun sa yo ki te onore.

Si ou ta va nan yon batiman kap koule, tout sa ou te ka pran se ta yon ti liv ki gen 4 levanjil yo ladan, nou ta ka aprann anpil bagay sou pwofesi, men nou pa tap jwenn anyen pou aprann sou mistè.

## **Program Mistè BonDye-a, Gras**

Pwogram mistè BonDye-a, dispansasyon gras la, te komanse ak Pòl. Pòl di nan Eph 3:8, “Mwen pi piti pase moun ki pi piti nan tout pèp BonDye a. Men atousa, se mwen menm BonDye bay privilèj sa a, pou m' fè moun lòt nasyon yo konnen bon nouvel richès Kris la, richès moun p'ap janm fin konprann”.

“pa ka sonde” vle di “kipa te pwofetize” ou byen pa gen tras, mak pye , pa gen tras verite mistè avan Pòl. Nou pa ka jwenn dispansasyon gras la nan ekriti yo toutotan Kris pa te devwale-l bay Pòl jan- l te ye a:

Kache nan BonDye, Eph 3:9

Kache depi toutan, Col 1:26

Pat devwale, Eph 3:5

Yon mistè - Plan travay sa a te kache pandan lontan lontan, Rom 16:25.

Pwogram sekrè mistè dispansasyon gras Bon Dye-a, pa- t gen moun kite preche-l jouk lè Kris

te revele Pòl li! Pwogram mistè sa, nou pa ka jwenn li lòt kote nan Bib la, pazavan nou aprann li nan men Pòl.

Seyè nou Jezi Kri nan ministè li sou tè-a vizavi Izrayel, li pat revele anyen sou pwogram mistè-a. Pòl di nou sa nan Rom.15:8, “Men sa’m vle di: Kris la te fè tèt li sèvitè jwif yo pou l' te ka fè pwomès Bondye te fè zansèt nou yo rive vre, epi pou l' te moutre jan Bondye kenbe pawòl li.”

Kris te vini selon pwogram pwofesi – a nan dispansasyon la lwa, pou-l te sèvi Izrayel. Ministè Seyè nou sou tè sa, se te sèvi jwif yo. Gade byen sa vèsè-a di “**te**”.

Jodi-a, Seyè nou an pa sèvitè jwif yo ankò tankou sa declare nan liv levanjil yo, men li se chèf legliz Li, Kò Kris la.

Pyè ak lòt onz apot yo pa te revele anyen sou mistè sa tou. Yo te anseye pwofesi, ki pale sou mond sa depi lè-l te komanse. Jou Lapannkòt la, nou wè Pyè ki te pale nan Ac 2:16, “Men, sa pwofèt Joèl te fè konnen gen pou rive a, se sa k'ap pase koulye a”, sak te rive jou sa-a, se te sou pwofesi. Bon Dye te déjà pale sou sa. Revelasyon sekrè mistè Pòl pa-t yon pwofesi, sekrè sa te rete toujou “kache nan Bon Dye”

Pa gen moun ki te konnen pwogram mistè (sekrè) dispansasyon gras la jouk lè BonDye te devwale- l apre Pannkòt la, lè yo te fin kalonnen

Etièn ak kout ròch, Kris te fè Pòl wè ki moun li ye.

### **Pòl apot payen yo**

Rom 11:13, “Koulye a, nou menm moun lòt nasyon yo, mwen gen sa pou m' di nou: Se apòt nou mwen ye, se vre. Mwen kontan anpil travay m'ap fè a.”

Pòl di ke li se yon apot, moun BonDye voye kote payen yo. Pòl leve ro travay li tap fè a. Pozisyon apot BonDye bay Pòl pou Kò Kris la, gen anpil enpotans nan tan sa nou ye - a.

1 Cor 14:37 “Si yon moun kwè se BonDye ki voye l', osinon si li kwè li resevwa kèk don ki soti nan Sentespri BonDye a, se pou l' rekonèt sa m' ekri a se yon lòd ki soti nan Seyè a.”

Jodi-a, yon kwayan espirityel dwe rekonèt ke Pòl te resevwa lòd nan men Kris pou-l ekri lèt li yo.

Se nan liv apot Pòl ekri yo, soti nan liv Romen pou rive nan Filemon, ke nou jwenn pou nou menm dispansasyon verite BonDye- a, Legliz Li Kò Kris-la. Se la, Sèlman la nou jwenn jerans ke Segne-a ban nou. Se la nou jwenn “dispansasyon gras Bon Dye-a”.

Lè BonDye tap devwale dispansasyon gras li-a bay Pol menm jan li te fè-l pou Adam, li te mete

anndan dispansasyon sa, tout verite nou bezwen pou viv yon vi ki fè Seyè-a plezi.

## **Poukisa BonDye te gade dispansasyon gras la an Sekrè**

Pol di nou pouki BonDye te gade sekre dispansasyon sa-a - 1 Cor 2:7-8, “Bon konprann m'ap anonse a, se bon konprann BonDye te sere a. Li te kache nan je moun. Men, depi anvan BonDye te kreye anyen, bon konprann sa a te nan plan l' pou l' te ka sèvi yon lwanj pou nou. Pa gen pouvwa nan lemonn ki te konnen bon konprann sa a. Si yo te konnen l', yo pa ta kloure Seyè ki merite lwanj la sou kwa a.”

Satan pa t'ap kloure Seyè Jezi Kri si li te konnen sa BonDye t'ap pral akompli sou la kwa. BonDye te dwe kenbe sekre “kache nan Li Menm” konsa Satan pa tap konnen si la kwa tap vin yon defèt pou li.

Satan pèdi batay devan la kwa, Gen 3:15

“...li ap kraze tèt ou, epi ou menm w'ap mòde l' nan talon pye l'.”

Kris te kraze tèt Satan sou la kwa. Moun pa-t ka konprann travay Kris sou la kwa, ke lè Bon Dye te devwale sekre a bay Pòl, pou li menm li te bay mesaj la.

Pwogram devwalman pwofesi BonDye, ak pwomès li te fè Israyel yo gen pou akonpli lè yo va dirije la tè. BonDye gen pou reprann kontwòl syèl yo ak kò Kris la jan pwogram mistè-a devwale-l. Pa gen dout nan sa pakse Kris te monte la kwa, li genyen vikwa sou Satan. Vikwa Kris sou peche ak lanmò li sou la kwa te fè wout pou BonDye reklame tè-a pa mwayen Izrayel epi syèl yo pa mwayen kò Kris la.

Eph 1:10, “Dapre plan travay BonDye a, plan ki gen pou fin reyalize nèt lè lè a va rive, BonDye ap mete tout bagay ki nan syèl la ansanm ak tout bagay ki sou latè a anba yon sèl chèf, anba Kris la.”

Dispansasyon ki gen pou vini an, rele “dispansasyon wayòm nan”, BonDye va mete tout bagay anba otorite pitit gason Li, akòz la kwa. Sa pa tap posib si BonDye pa te kenbe sekre pwogram mistè Li-a.

Nou dwe kontan lè nou konnen ke BonDye te kenbe sekre pwogram mistè Li-a jan Pòl di nan 1 Cor 15:17, “Si Kris la pa te leve soti vivan nan lanmò, sa nou te kwè a pa ta vo anyen, paske nou ta toujou ap viv nan peche nou yo.”

Si BonDye pa te kenbe sekre ak si yo te konnen sa mistè –a ye avan la kwa, satan pa

t'ap krisifye Seyè nou-an, nou t'ap toujou rete nan peche nou yo! Si Kris pa te mouri sou kwa-a, nou tap toujou rete nan peche nou yo, pa tap gen espwa pou yon nan nou menm.

## **Dispansasyon gras Bon Dye – a**

Menm jan Adam te bezwen konnen travay li kom jeran, se menm bagay la tou pou nou menm. Verite nou pral li yo, BonDye te fè Pòl wè yo sou dispansasyon gras la:

- Bon Dye mete jwif yo (Israyel) sou kote - Rom 11:7,12,15,20,32
- Bon Dye gen pitye pou tout moun ansanm - Rom 11:32
- Levanjil (bon nouvel) gras BonDye-a manifeste nan travay Kris te akonpli sou la kwa - Ac 20:24, Eph 3:2
- Kwayan yo vin byen ak Bon Dye pa mwayen lanmò Kris sou kwa a - Eph 2:16
- Pa gen yon levanjil diferan pou moun ki jwif ak sa yo ki pa jwif - Rom 10:12
- Jwif ak Payen yo batize nan yon sel kò – I Cor 12:13
- Kris chita anro nan syèl la - Col 3:1-3

Obeisans la fwa Adam devan BonDye te depann jan Adam te fè konnen Pawol Verite-a. Adam pa te ka obeyi BonDye si li pa te ka fe diferans nan de jerans yo ak si li pat yon jeran



fidèl nan sa BonDye te bay li pou swiv. Melanje jerans, pran kèk bagay nan premye-a mete sou dezyèm nan, ta va menm bagay ak desobeyi dispansasyon BonDye te bay li ak koronpi Pawol BonDye. Obeyisans la fwa nou dwe baze sou verite Bon Dye te revele Pòl pou li menm ban nou mesaj la nan period gras la.

Pol di nou sa sèvi BonDye ye, nan period gras la - Tit 1:1, 3 "...pou'm fè yo konnen verite a jan n'ap viv li nan sèvis BonDye,"

Pol di nou ki sa verite-a ye nan vese 3, "Lè lè li te fikse a rive, li fè nou konnen lavi sa a ak pawòl li, nan mesaj li te renmèt mwen pou m' fè konnen, dapre lòd BonDye, Sovè nou an, te ban mwen."

Sèvi BonDye Jodi-a se obeyi mistè verite Kris te bay Pòl la.

BonDye te bay Pòl yon dispansasyon, menm BonDye sa vle pou yo rekonet pitit Li a dapre mistè verite-a. Nou li jan yo dwe preche Seyè Jezi Jodi-a nan period gras la. Rom 16:25, "Ann fè lwanj BonDye! Se li ki gen pouvwa pou fè nou kenbe fèm nan konfyans lan dapre bon nouvèl m'ap anonse a, dapre mesaj m'ap preche sou Jezi Kri a, dapre konesans BonDye ban nou kifè nou wè plan travay li. Se li menm ki gen pouvwa pou fè nou kenbe fèm nan

konfyans sa a. Plan travay sa a te kache pandan lontan lontan.”

Yo dwe pale de Jezi Kri dapre devwalman mistè a, baz verite ke Pòl te konnen kòm premye moun, se sou li mesaj la repoze.

Pol di nou tou kijan pou nou pa preche Kris la nan period gras la - 2 Cor 5:16, “Se poutèt sa, depi koulye a, mwen pa konsidere pesonn sou laparans, tankou lèzòm fè'l la. Si yon lè mwen te konsidere Kris la sou laparans tankou lèzòm fè'l la, koulye a mwen pa konnen-l nan jan sa a ankò.”

Pol anseye nou pou nou pa nan fè distinksyon Jwif ak payen sou laparans. Distinksyon sa te egziste depi lè BonDye te rele Abram pou vin yon pèp ki pote Non Li, Izrayel nan Ge 12. Depi lè sa-a, yo vin konnen lòm sou laparans, te gen distinksyon ant jwif ak payen. Seyè nou an te fè distinksyon sa pandan ministè li sou tè a. Lè Pòl di konye-a nou pa konnen lòm sou laparans ankò, nan sans sa, li fè wè yon gwo chanjman dispansasyon. Pòl chanje anseyman Kris te bay ak sipote nan ministè li sou tè- a vizavi Izrayel lè se jwif yo ki te an premye. BonDye konnen lòm Jodi-a dapre kè yo. BonDye wè lòm swa kòm moun sove ou byen moun pèdi, men pa tankou jwif ou byen payen.

Pòl fè yon lòt deklarasyon ki gen plis enpotans lè-l di nou pou nou pa konnenn Kris sou laparans ankò. Sa sa vle di? Konnen Kris sou laparans, se konnen-L jan-L prezante nan levanjil yo tankou yon sèvitè pou Izrayel. Sikonsisyon te sèvi mak pou pèp sa. Yo te preche Kris sou laparans, lè Li te fè tèt li sèvitè jwif yo (ministe sikonsisyon an), men Jodi-a, yo pa dwe preche Kris sou laparans jan Pòl di-l nan Rom 16:25, "...dapre mesaj m'ap preche sou Jezikri a, dapre konesans BonDye ban nou kifè nou wè plan travay li. Se li menm ki gen pouvwa pou fè nou kenbe fèm nan konfyans sa a. Plan travay sa a te kache pandan lontan lontan."

## **Kay BonDye - a**

Nan ansyen Kontra-a, BonDye te gen yon kay. Se te pèp Izrayel la.

Ex 40:38 "Lajounen, nwaj Seyè a te rete anwo tant lan, men lannwit, se te yon dife tout pèp Izrayèl la te wè klere nan nwaj la. Se konsa sa te fèt pandan tout vwayaj la."

Jodi-a Li bati yon lòt kay, se Legliz, ki se kò Kris la.

1 Tim 3:15, "Men, si'm pran reta, lèt sa a va fè ou konnen ki jan pou nou mennen tèt nou nan fanmi BonDye a, sa vle di nan legliz BonDye

vivan an. Legliz la tankou yon poto k'ap soutni verite a.”

Tout vrè kwayan yo fè pati kay sa, dapre sa Pòl di nou nan 2 Tim 2:15-21, nou kapab yon veso pou sèvis espesyal nan kay BonDye a. Gen de kondisyon ki bay. Premye-a “**se fe konnen pawol verite-a jan-l ye-a.**” Sa fè ou **resevwa lwanj nan men BonDye tankou yon travayè ki pa wont travay li fè.** Dezyèm kondiisyon se “**kenbe kò pou pa fè sa ki mal**”.

2 Tim 2:19, “Men, pa pè. Fondasyon solid BonDye te mete a, li la toujou. Men pawòl nou jwenn make sou li: Mèt la konnen moun ki moun pa li. Tout moun ki di ke se pou Seyè a y'ap viv, se pou yo sispann fè sa ki mal.”

2 Tim 2:20-21, “Si yon moun kenbe kò l' pou l' pa fè sa ki mal, y'a fè-l fè yon travay espesyal. Paske lè sa a l'ap mete tèt li apa nèt pou Mèt li, la itil Mèt la, l'ap pare pou-l fè nenpòt bagay ki byen.”

### **Lò ak lajan ou byen bwa ak tè**

Eske ou etidye pawol BonDye jan BonDye anseye-l nan 2 Tim 2:15 “fè konnen pawol verite-a jan-l ye-a ?” Eske ou dakò ke Pòl se apot nou Jodi-a? Pasaj li ekri kite pou nou yo montre ke jerans nou soti nan BonDye.

1 Cor 4:1- 2, “Se poutèt sa, nou menm moun Korent, se pou nou rekonèt se sèvitè Kris la mwen ye, tankou yon jeran BonDye mete reskonsab plan travay li yo ki te cache. Yon sèl bagay yo mande yon jeran, se pou-l yon moun serye.”

Eske ou se yon veso an lò ou an lajan, yon veso pou sèvis espesyal “ki kap itil mèt li, pou tout kalite bon travay?” Lè-w fè konnen pawol verite devan dèyè, viv yon vi ki sal ak peche, ou vin tounen yon veso an bwa ak tè.

Jeran fidèl mistè Bon Dye yo sanble tèt koupe ak moun Bere yo - Ac 17:11, “Jwif Bere yo te gen pi bon santiman pase sa Tesalonik yo: yo te resevwa pawòl la byen vit san traka. Chak jou yo t'ap egzaminen sa ki te ekri nan Liv la pou wè si sa Pòl t'ap di yo a se vre.”

Moun Bere yo pa te selman pran sa ki soti nan bouch pou levanjil la, men yo te fouye Pawol BonDye chak jou.

Jodi-a, anpil nan legliz yo pa rekonèt travay Pòl kom apot ak dispansasyon Kris te bay li- a. Gade sa Kris te di disip yo nan Jan 13:20, “Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moun ki resevwa moun mwen voye a, li resevwa-m tou. Moun ki resevwa-m, li resevwa moun ki voye-m lan.”

Etyèn tap preche sou fason Izrayel te trete mesaje BonDye yo nan dènye mesaj li nan Ac

7:52, “Kilès nan pwofèt yo zansèt nou yo pat pèsekite? Yo te touye tout pwofèt ki te fè konnen davans ki jan Sèvitè BonDye a te gen pou vini. Koulye a, se Sèvitè BonDye a menm nou trayi, se li menm nou touye.”

Legliz Jodi-a, pa diferan ak Izrayel lè nou pa rekonèt mesaje Kris voye pou nou, espesyalman ak program mistè Li an.

Izrayel te konnen Moyiz kom moun ki te bay la lwa. Yo te bzwen swiv li ak obyei-l nan dispansayon la lwa. Menm jan tou, legliz Jodi-a bezwen peye atansyon a apot BonDye-a, Pol, nan dispansasyon gras la.

Kwayan yo kèk fwa kritike Katolik Romen yo paske yo swiv san konprann Pap la ak doktrin legliz sou pweteks yo kwè pawol BonDye-a. Anpil nan kwayan sa yo, se moun yap swiv tankou pastè, denominasyon, anseyman legliz, kèk lekòl Bib, kèk seminè, lè ou reflechi byen, ou wè yo fè menm bagay la tou.

Sila yo ki nan la fwa Katolik yo klè sou moun yap swiv, yap swiv Pyè. Pyè fe pati pwogram pwofesi BonDye te mete akote-a, men ki gen pou reprann apre dispansasyon sa rive nan bout li.

Pou glorifye Seyè-a nan dispansasyon sa, nou bezwen swiv Pòl, ak bati sou fondasyon li mete kampe-a, jan li di nou nan I Cor 3:10, “Dapre

favè BonDye te fè-m lan, mwen travay tankou yon bon enjenyè, mwen poze fondasyon an. Yon lòt ap bati sou li. Men, se pou chak moun veye kò yo pou yo konnen ki jan y'ap bati.”

Jezi Kri se baz (fondasyon) Pol poze-a, li di nou jan pou nou bati sou li. Bon enjenyè-a montre nou kijan pou nou fè sa.

1 Cor. 2:5, “Konsa, konfyans nou gen nan BonDye a pa chita sou bon konprann lèzòm, men sou pouvwa BonDye.”

Pol di nou ke “fwa nou” dwe mache ak pwisans BonDye, men se pa ak bon konprann lezòm. Menm lè nou gen respè pou anpil moun akòz la fwa yo, se pa yo ki dwe otorite nou. Se sèl pawol verite-a ki dwe otorite nou.

Pawol verite BonDye ban nou an, verite sa yo nan dispansasyon gras la:

- Pòl se Apot BonDye pou Payen yo nan period gras la – Rom 11:13
- Yo dwe preche Jezi Kri dapre Rom 16:25, 26, “... dapre bon nouvèl m'ap anonse a, dapre mesaj m'ap preche sou Jezikri a, dapre konesans BonDye ban nou kifè nou wè plan travay li. Se li menm ki gen...”

- Konnen pawol verite-a, se fason kwayan yo etidye lèzekriti nan chak dispansasyon 2 Tim 2:15

Nan Eph 3:9, Pol di nou kisa legliz Jodi-a dwe fè.

“Li ban-m privilèj sa a pou-m fè tout moun wè aklè ki jan plan travay Bondye te sere nan kè li a ap reyalize, paske BonDye ki kreye tout bagay te kenbe plan sa a nan kè-l depi lontan.”

Pol di nan Ac 20:32

“Koulye a m'ap renmèt nou nan men BonDye avèk mesaj favè li a. Se li menm ki ka fòtifye nou, ki ka ban nou tout bon bagay li sere pou tout moun ki pote non li.”